## 2023- jıldın yanvar-mart aylarıda Qaraqalpaqstan Respublikasında islep shıǵarılǵan jalpı aymaqlıq ónim

**JAÓ kólemi,** ***mlrd. som***

**6 137,9**

**JAÓ ósim páti**

**97,1 %**

**JAÓ deflyator indeksi**

**110,4 %**



Dáslepki maǵlıwmat-larǵa bola, 2023- jıldıń yanvar-mart aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda - JAÓ) kólemi ámeldegi bahalarda 6 137,9 mlrd. somdı quradı hám 2022- jıldıń yanvar-mart ayları menen salıstırǵan-da 2,9 % ke kemeygen.

JAÓ deflyator indeksi 2022 – jıldin yanvar-mart bahalarǵa salıstırǵanda 110,4 % ti quradı.

Ózbekstan Respublikası boyınsha JAÓniń qáliplesiwinde Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qosqan úlesi 3,1 % ke jetti.

## 2022-2023 jıllardıń yanvar-mart aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓniń islep shıǵariw kólemi hám ósim pátleri

| | Mlrd. som | | Ósim pátleri, Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te |
|---|---|---|---|
| | 2022- jıl | 2023- jıl | |
| **I. JAÓ, jámi** | **5 728,9** | **6 137,9** | **97,1** |
| *sonnan:* | | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 5 088,9 | 5 448,7 | 97,8 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 640,0 | 689,2 | 91,6 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **5 088,9** | **5 448,7** | **97,8** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **625,5** | **777,6** | **102,3** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **2 087,6** | **1 881,2** | **88,7** |
| sanaat | 1 668,0 | 1 453,5 | 86,7 |
| qurılıs | 419,6 | 427,7 | 96,4 |
| **xızmetler** | **2 375,8** | **2 789,9** | **104,6** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 322,9 | 388,1 | 105,5 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 401,5 | 460,2 | 108,0 |
| basqa xızmetler | 1 651,4 | 1 941,6 | 103,5 |



# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍǴARÍLǴAN

Tómende keltirilgen infografikadan kórinip turǵanı sıyaqlı, xalıq jan basına esaplanǵan JAÓ 3 101,5 mıń somdı qurap hám bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 4,2 % quradı.

**Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓniń ósim pátleri**

*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te)*




**2022-2023- jıllardıń yanvar-mart aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ kólemi**

*(mıń somda)*






**2022-2023- jıllardıń yanvar-mart aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓniń quramı** *(jámine salıstırǵanda % te)*

| | *2022- jıl* | *2023- jıl* |
|---|---|---|
| **I. JAÓ, jámi** | **100,0** | **100,0** |
| *sonnan:* | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 88,8 | 88,8 |
| ónimlerge bolǵan salıqlar | 11,2 | 11,2 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **100,0** | **100,0** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **12,3** | **14,3** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **41,0** | **34,6** |
| sanaat | 32,8 | 26,7 |
| qurılıs | 8,2 | 7,9 |
| **xızmetler** | **46,7** | **51,1** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 6,3 | 7,1 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 7,9 | 8,4 |
| basqa xızmetler | 32,5 | 35,6 |



# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍǴARÍLǴAN

## 2023- jıldıń yanvar-mart aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı *(jamiga nisbatan % da)*

**2022- jıl**




| | |
|---|---|
| *Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı* | 12,3% |
| *Sanaat* | 32,8% |
| *Qurılıs* | 8,2% |
| *Xızmetler* | 46,7% |

**2023- yil**




| | |
|---|---|
| *Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı* | 14,3% |
| *Sanaat* | 26,7% |
| *Qurılıs* | 7,9% |
| *Xızmetler* | 51,1% |

*Jalpı qosılǵan qunı*

*Ónimlerge bolǵan salıqlar*

2023- jıldıń yanvar-mart aylarında aymaq ekonomikasınıń barlıq tarmaqlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi ulıwma JAÓniń 88,8 % in, ónimlerge sap salıqlar bolsa 11,2 % in quradı.

Esabat dáwirinde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵınıń JAÓniń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi 14,3 % ti, sanaat tarawı 26,7 % ti, qurılıs 7,9 % ti hám xızmetler tarawı 51,1 % ti quradı.





# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍǴARÍLǴAN

**2023- jıldıń yanvar-mart aylarında JAÓ ósiwinde tarmaqlardıń úlesi** *(jámine salıstırǵanda % te)*




JAÓ ósiwine awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarmaǵı 0,3 p.p. (2022-jıldıń yanvar-mart -0,1 p.p.), xızmet kórsetiw tarawı – 1,9 p.p. (2022-jıldıń yanvar-mart -2,6 p.p.) unamlı, sanoat tarawı – 3,9 p.p. (2022-jıldıń yanvar-mart -0,3 p.p.) hám qurılıs tarawı -0,3 p.p. (2022-jıldıń yanvar-mart -0,1 p.p.) unamsız úles qostı.

Ónimlerge bolǵan salıqlardıń ósiwi esabına JAÓ -0,9 p.p. (2022-jıldıń yanvar-mart -0,4 p.p.) ke





# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍǴARÍLǴAN

**2022-2023- jıllardıń yanvar-mart aylarında JAÓniń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulıwma ósim pátleri**

*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te)*

| | 2022- jıl | 2023- jıl |
|---|---|---|
| JAÓ | 3,3 | -2,9 |
| Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 1,2 | 2,3 |
| Sanaat | 1,0 | -13,3 |
| Qurılıs | -1,7 | -3,6 |
| Xızmetler | 6,8 | 4,6 |

2023- jıldıń yanvar-mart JAÓniń ósiwi aymaq ekonomikasınıń tiykarǵı tarmaqlarıdaǵı unamlı ósiw pátleri menen baylanıslı. Ósiw pátleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında 102,3 % (JAÓniń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi – 14,3 %), sanaatta – 86,7 % (26,7 %), qurılısta – 96,4 % (7,9 %), xızmetler tarawında – 104,6 % ti (51,1 %) quradı. Xızmetler tarawı quramında ósiw pátleri sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 105,5 % (7,1 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs 108,0 % (8,4 %) xızmet kórsetiwshi basqa tarawlarda 103,5 % ten (35,6 %) quradı.





# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍĠARÍLĠAN

## 2022-2023- jıllardıń yanvar-mart aylarında JAÓniń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha deflyator indeksi

*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te)*










2023- jıldıń yanvar-mart aylarında JAÓ deflyatori indeksi 2022- jıldaǵı yanvar-mart aylarındaǵı bahalarǵa salıstırǵanda 110,4 % ti quradı. JAÓ deflyatori indeksiniń eń joqarı kórsetkishleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında - 121,5 % hám xızmetler tarawıda - 112,3 % .











**2022-2023- jıllardıń yanvar-mart aylarında kishi isbilermenliktiń kólemi hám JAÓdegi úlesi**
*(jámine salıstırǵanda % te)*

| | mlrd.sum | úlesi, % da |
|---|---|---|
| 2022- jıl | 2 269,3 | 44,6 |
| 2023- jıl | 2 634,7 | 48,4 |



2023- jıldıń yanvar-mart aylarında kishi isbilermenlik 2 634,7 mlrd. somdı qurap (2022- jıldıń yanvar-mart aylarına – 2 269,3 mlrd. som). JAÓdegi úlesi 48,4 % ti quradı (2022- jıldıń yanvar-mart aylarında - 44,6 %).

Kishi isbilermenliktıń JAÓdegi úlesidıń ótken jılǵa salıstırǵanda ósiwi iri kárxanalar úlesiniń azayıwı menen baylanıslı.

